



Fè Sans Desizyon Administrasyon an sou Estati Pwoteksyon Tanporè:

Yon Gid Rapid pou Moun ki Gen Estati Pwoteksyon Tanporè yo

Depatman Sekirite Nasyonal, oswa DHS, ap deside si pou pwolonje TPS pou sèt peyi nan 2017 ak 2018. Gouvènman an oblije pran desizyon sa yo 60 jou anvan dat ekspirasyon TPS aktyèl peyi a. Resous sa a ap ede ou konprann desizyon yo ak fason ou ka prepare.

Kisa ou bezwen konnen si DHS mete fen ak TPS pou peyi w la

- Si DHS mete fen ak TPS yon peyi, moun ki gen TPS nan peyi sa a pa kalifye pou ekstansyon TPS pi lwen pase dat final yo anonse a.
- Yon desizyon revokasyon pa afekte TPS ak otorizasyon pou travay aktyèl ou a jiska dat li pran fen an.
- DHS oblije bay moun avètisman davans lè li mete fen nan TPS pou yon peyi. Longè avètisman an ka varye ant 60 jou ak 18 mwa. Ou ka tcheke sa ki aplike pou ou nan uscis.org/TPS.
- Sòf si peyi w la resevwa yon revokasyon 60 jou, ou ka aplike pou re-enskri pou yon ekstansyon pou estati TPS ou epi pou jwenn yon otorizasyon travay pwolonje.
- Yon fwa peryòd revokasyon an fini, estati imigrasyon w pral retounen nan sa li te ye anvan ou te gen TPS.

Kisa ou bezwen konnen si DHS PA KA PRAN YON DESIZYON pou peyi ou

- Si DHS pa pran yon desizyon sou TPS peyi ou la 60 jou anvan li ekspire, peyi ap resevwa yon ekstansyon otomatik pou sis mwa.
- Ou ka anmezi pou enskri pandan yon ekstansyon otomatik si ou vle pwolonje estati TPS ou a epi jwenn yon otorizasyon travay pwolonje.
- DHS ap toujou bezwen deside si pou yo pwolonje oswa fini TPS la 60 jou anvan fen ekstansyon otomatik sis mwa a rive.

Pou enfòmasyon ki resan yo, vizite: cliniclegal.org/tps

Etap moun ki gen TPS yo ka pran kounye a pou prepare yo

1

Konsilte avèk yon founisè sèvis legal ki kalifye pou pale de TPS ou a, re-enskripsyon, ki estati ou te genyen avan, ak ki lòt opsyon imigrasyon ou genyen. Ou ka jwenn yon lis founisè sèvis legal ki pa koute chè nan: cliniclegal.org/directory

2

Aprann si ou kalifye pou w pa peye frè USCIS. Jwenn enfòmasyon nan uscis.gov/feewaiver.

3

Ekonomize lajan ou. Ou ka bezwen aplike pou re-anrejistre oswa pou lòt depans yo.

4

Li kesyon yo poze souvan sou TPS CLINIC: cliniclegal.org/resources/temporary-protected-status-terminations-what-you-should-know

5

Konnen ki kote pou w jwenn enfòmasyon egzak sou desizyon TPS ak dat limit yo. Sèvis Sitwayènte ak Imigrasyon Ameriken, oswa USCIS, bay enfòmasyon sou TPS nan [USCIS.gov/TPS](https://uscis.gov/TPS).

6

Konprann kijan pwosesis la pral travay. Rejis Federal la ap bay enfòmasyon sou pwosesis la, dat limit yo, ak kenbe estati TPS ou ak otorizasyon travay ou. Fenèt re-enskripsyon an se 60 jou. Y ap fè mizaajou sou. [USCIS.gov/TPS](https://uscis.gov/TPS) pou reflete enfòmasyon sa.

7

Sèlman aksepte èd nan men yon avoka ki gen lisans oswa yon reprezantan ki akredite. Gen notè ki pral souvan pwomèt solisyon garanti pou pwoblèm imigrasyon ki konplike oswa di ke yo gen kontak espesyal ak gouvènman an - sa a pa janm vre! Aprann plis nan: cliniclegal.org/notario

Pou enfòmasyon ki resan yo, vizite: cliniclegal.org/tps